



Talatah Injil – Mangga baca ieu:

Kaj 1:1 *Nalika Allah nyiptakeun jagat raya.*

Rum 3:23 *kabeh geus dosa, jarauh ti Allah anu tiasa nyalametkeun.*

Yoh 8:34 *Waler Yesus, "Kieu saenyana: Sing saha anu migawe dosa, ngawula kana dosa.*

Allah nyiptakeun urang tapi urang henteu mikawanoh Allah sarta pisah ti Anjeunna sabab tabeat dosa urang. Hirup urang tanpa Allah henteu ngabogaan harti jeung tujuan. konsekuensi (harga anu kudu dibayar) kusabab dosa urang nyaéta maot, boh sacara ruhani boh awak. maot ruhani hartina pisah ti Allah. maot awak hartina awak busuk . Lamun urang maot dina dosa urang, urang salawasna bakal pisah ti Allah sarta asup ka naraka. kumaha urang nyalametkeun diri urang sarta balik ka Allah? urang henteu bisa nyalametkeun diri urang sorangan sabab mustahil jelema nu dosa nyalametkeun dirina sorangan (sarua kawas jelema tikerelep henteu bisa nyalametkeun dirina sorangan). batur oge henteu bisa nyalametkeun diri urang saba urang kabeh geus dosa . Urang merlukeun jelema anu teu dosa (henteu tikerelep) pikeun nyalamatkeun urang ti dosa-dosa urang. Ngan jelema nu teu dosa nu bisa nyalametkeun urang. Kumaha neangan jelema nu teu dosa di dunya nu pinuh ku dosa di mana kabeh geus dosa?

Rum 6:23 *Upahna dosa teh maot, sabalikna ari kurnia Allah mah nya eta hirup langgeng sarta ngahiji jeung Kristus Yesus Gusti urang.*

Yoh 3:16 *Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng.*

Mat 1:23 *"Hiji parawan bakal ngandung, ngowokeun putra pameget anu pijenenganeunana Immanuel, " hartina "Allah nyarengan ka urang*

Yoh 8:23 *Pilahir Yesus, "Aranjeun asal ti handap, ti ieu dunya. Ari Kaula mah asal ti luhur. Aranjeun asal ti dunya, Kaula mah lain ti ieu dunya.*

Mar 1:11 *Ti langit aya soara, ungelna, "Hidep teh Putra kaasih Kami, anu kamanah ku Kami."*

Yoh 8:36 *Lamun maraneh geus dibebaskeun ku Putra, enya-enya maraneh bebas.*

Yoh 3:3 *Waler Yesus, "Kaula rek ngabejakeun hal anu saenyana, nya eta: Saurang oge moal aya anu bisa asup ka Karajaan Allah, kajaba lamun dijurukeun deui."*

Yoh 1:12 *Tapi lobu oge anu narima jeung palercaya ka Anjeunna teh; jelema-jelema anu kitu ku Anjeunna dipaparin hak jadi putra-putra Allah:*

Allah, nu nyiptakeun urang sarta kacida mikaasih ka urang, masihkeun jalan kaluar ka urang. Karana kacida mikaasihna Allah ka urang Anjeunna ngutus putrana, Yesus, pikeun maot pikeun dosa-dosa urang. Yesus henteu dosa sabab Anjeunna asalna lain ti dunya ieu, sarta, nuju aya nu dunya, ngelehkeun godaan iblis pikeun migawe dosa. Hirupna nyenengkeun



Allah di suwarga. Yesus nanggung dosa urang sarta maot di kai salib pikeun dosa-dosa urang. Anjeunna teh juru salamet hirup urang (Yesus tiasa nyalametkeun urang sabab Anjeunna henteu tikerelep). Tujuan Yesus maot dina kai salib the pikeun mayar harga dosa-dosa urang sarta, ku kituna, mupus dosa-dosa urang ti urang sarta ngabenerkeun hubungan urang anu ruksak jeung Allah. Urang digugahkeun ti maot ruhani (pisah ti Allah) ku kawasa Allah. Hubungan anu anyar ieu disebut dijurukeun deui. Ieu nyageurkeun urang ka tujuan panyiptaan jeung kaayana sarta, masihan harti sajati jeung tujuan hirup.

- Yoh 11:25 Waler Yesus, "Kami teh anu ngahudangkeun jeung anu ngahirupkeun. Anu percaya ka Kami tangtu bakal hirup sanajan geus maot.*
- Rum 6:9 sabab urang terang Kristus geus digugahkeun tina maot, moal pupus deui, maot moal kawasa deui ka Anjeunna.*
- Pad 2:24 tapi Anjeunna ku Allah geus ditanghikeun tina pupusna, ucul tina kakawasaan maot, sabab mustahil maot bisaeun nahan Anjeunna.*
- Rum 14:9 Kapan Kristus pupus jeung gugah hirup deui teh supaya jadi Gustina anu harirup jeung nu geus maraot.*
- Pad 1:11 "keur naraon narangtung di dieu taranggah ka langit, urang Galilea? Yesus anu dicandak ka sawarga teh engke bakal sumping deui cara kitu, sakumaha anu bieu katarenjo ku maraneh keur munggahna ka sawarga."*

Naon buktina yen pangurbanan Yesus maot pikeun dosa-dosa urang ditampi ku Allah dina suwarga? Buktina nyaeta kagugahan Yesus ti maot ku Allah. Ku kahudangan ieu, kabukti yen Yesus geus ngelehkeun maot (atawa, kalayan kecap sejen, maot teu boga kawasa ka Yesus). Ayeuna, ku kituna, sabab Yesus hirup, urang oge tiasa hirup. Hirup Anjeunna dina urang masihan urang kahirupan. Oge, ku sabab Anjeunna gugah, Anjeunna hirup ayeuna.

- Yoh 5:24 "Kaula ngomong saenyan: Sing saha anu ngaregepkeun omongan Kaula jeung percaya ka anu ngutus Kaula, tinangtu hirup langgeng, moal dihukum, malah ucul tina paeh sarta asup kana hirup*
- Yoh 10:9 Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, jeung bisa asup atawa kaluar ka sampalan.*
- Yoh 14:6 Waler Gusti ka Tomas, "Kami jalanna, Kami kayaktian, Kami sumberna hirup. Ku sabab eta, lamun henteu ku jalan Kami, moal aya anu bisa datang ka Rama."*
- Yoh 8:24 "Anu matak ceuk Kaula tadi aranjeun bakal maraot dina dosa. Tangtu aranjeun teh bakal maraot dina dosa, lamun teu palercaya yen 'Kami teh Anu Jumeneng.'*
- Pad 4:12 Di saalam dunya teu aya deui manusa anu ku Allah dipaparin kawasa nyalametkeun, mung Yesus Kristus."*
- Rum 10:13 "Sakumaha ungel Kitab Suci, "Saha-saha anu sasambat neda pitulung ka Mantenna tangtu disalametkeun."*



-
- Rum 10:11 *Ceuk ungel Kitab Suci, "Sakur anu percaya ka Anjeunna moal kaduhung."*
- Rum 2:11 *Unggal jelema ge dasar hukumna ku Allah disaruakeun.*
- Rum 3:22 *Allah kersa ngangken manusa bener deui teh lamun manusa anut ka Yesus Kristus. Allah kersaeun kitu teh pikeun sakabeh anu percaya ka Kristus, lantaran manusa mah teu aya bedana;*
- Rom 10:9 *Lamun aranjeun ngaku jeung percaya yen Yesus teh Gusti, anu ku Allah geus digugahkeun tina maot, tangtu aranjeun salamet.*

Kumaha carana dosa-dosa urang dipupus sarta urang narima hirup baru ieu? Ku percaya ka Yesus minangka Pangeran sarta Juru Salamet urang. Upami urang malik ti jalan-jalan urang anu jahat sarta menta Yesus ngampunkeun dosa sarta nyalametkeun urang, Anjeunna bakal ngampunan sarta nyalametkeun urang. Yesus teh Putra Allah nu datang ka dunya ieu pikeun maot kanggo dosa-dosa urang. Saha wae di dunya ieu anu percaya ka Anjeunna bakal narima ampunan ti Allah, disalametkeun ti dosa-dosa (jeung naraka) sarta narima kahirupan anyar ti Allah. Allah henteu ngabeda-bedakeun manusa. Allah henteu dipangaruhan ku – nagara di mana urang hirup, basa urang, beunghar atawa miskin, pameget atawa istri, kolot atawa ngora, atawa ku beda-beda fisik nu sejen. Saha wae anu percaya sarta ngaku Yesus bakal disalametkeun. Doa di handap ieu nyaeta doa anu tiasa diduakeun ku anjeun upami anjeun nyandak kaputusan pikeun ngiring Yesus:

Allah dina sawarga, hatur nuhun geus masihkeun putra tunggal Rama, Yesus, pikeun maot kanggo dosa-dosa kuring ku kituna kuring tiasa disalametkeun sarta ngagaduhan kahirupan anyar ti sawarga. Kuring balik ti jalan-jalan kuring sarta menta ampunan kanggo dosa-dosa kuring. Kuring percaya ka Yesus sarta narima Yesus minangka Pangeran sarta Juru Salamet kuring. Tulung sarta tungtun kuring ka kahirupan anu nyenengkeun Rama di kahiripan anu Rama pasihkeun ka kuring. Amen

Upami anjeun geus ngadoakeun doa nu di luhur, menta Allah nunjukkeun gereja pikeun didatangan ku anjeun. Ngobrol ka Allah dina doa sacara rutin mangka Allah bakal nyarita ka anjeun. Dangukeun sora Allah. Allah bakal nungtun anjeun. Anjeunna mikaasih ka anjeun sarta bakal miara anjeun. Percaya ka Allah. Anjeunna tara ninggalkeun jelema anu percaya ka anjeunna. Allah teh Allah anu bageur. Anjeunna bisa dipercaya. Anjeun tiasa ngagantungkeun hirup anjeun ka Anjeunna. Bawa pangabutuh anjeun ka hareupeun Allah. Anjeunna paduli ka anjeun sarta bakal masihan berkah ka anjeun. Allah nyarios, ‘Kaula moal ninggalkeun anjeun’. Percaya ka Allah. Tarima berkah ngaliwatan Yesus.

Baca Alkitab sacara rutin, mimiti ti kitab Yohanes. Pikeun meunangkeun leuwih seueur infromasi ti internet, [klik didieu.](#)